

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Méthode Panalungtikan

Méthode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode déskriptif korélasional. Méthode déskriptif ngawengku survéy, studi perbandingan, studi kasus, studi prédiksi, studi korélasi, jeung studi pertumbuhan.

Nurutkeun Suyatna (2002:14) *tujuan panalungtikan déskriptif nya éta pikeun ngadéskripsikeun ku cara nyieun gambaran sacara sistematis, faktual jeung akurat ngeunaan fakta-fakta jeung sipat-sipat populasi atawa daerah-daerah nu tangtu.* Tujuan utama survéy utamana pikeun : a) Ngumpulkeun informasi faktual kalawan gemet jeung ngagambarkeun gejala nu aya. b) Ngidentifikasi masalah-masalah nu aya. c) Nyieun babandingan, d) Nangtukeun naon waé nu bisa dicokot atawa implikasi tina éta pangalaman pikeun rarancang jeung éta kacindekkan dina mangsa nu bakal datang. Déskriptif dina ieu panalungtikan mangrupa salah sahiji cara pikeun ngaréngsékeun masalah nu keur digarap; data nu geus kakumpulkeun, disusun, dianalisa, sarta diinterpretasikeun.

Méthode déskriptif dina ieu panalungtikan nya éta ngadéskripsikeun motivasi kana mata pelajaran basa Sunda, saterusana dikorélasikeun jeung préstasi diajar basa Sunda. Saenggeus meunangkeun gambaran motivasi kana mata pelajaran basa Sunda nu tujuanana pikeun meunangkeun gambaran ngeunaan hiji obyék, saterusna dihubungkeun aya henteuna jeung hasil préstasi diajar basa Sunda.

Ieu panalungtikan ngagunakeun méthode korélasional pikeun nangtukeun gédé henteuna hubungan antara motivasi murid kana mata pelajaran basa Sunda (x) jeung préstasi diajar basa Sunda (y).

3.2 Wangenan Operasional

- a. *Korélasi* miboga fungsi pikeun ngukur derajat hubungan aya, henteuna antara motivasi murid jeung préstasi murid dina diajar basa Sunda.
- b. *Motivasi* mangrupa dorongan dasar nu ngagerakkeun murid pikeun ngalakukeun hal positif atawa negatif dina diajar basa Sunda, hal ieu tangtuna bakal mangaruhan kana proses hasil diajarna sorangan naha bisa nyugemakeun atawa henteu. Hal ieu ogé aya patalina jeung hasil diajar murid dina préstasi nu dihontalna naha alus atawa goreng. Jadi motivasi kana mata pelajaran nu dimaksud kana ieu panalungtikan nya éta skor skala motivasi ngeunaan réson psikologis sacara positif atawa negatif.
- c. *Préstasi diajar basa Sunda* nya éta hasil ahir nu geus bisa dihontal ku murid saeunggeus ngalaksanakeun kagiatan diajar dina pangajaran basa Sunda.

3.3 Populasi jeung Sampel

Nurutkeun Amir Suyatna (2002 :10), *populasi adalah seluruh obyék yang akan diteliti dalam suatu penelitian, baik berupa benda, manusia, peristiwa maupun gejala-gejala yang akan terjadi.* Jelas tina sawanganan yén populasi mangrupa sakabéh sumber data anu jadi obyék panalungtikan.

3.3.1 Populasi

Populasi dina panalungtikan ieu nya éta sajumlahing motivasi murid kana mata pelajaran basa Sunda sarta préstasi diajar nu aya dina subyék panalungtikan. Subyék panalungtikan ngawengku sakabéh murid kelas X SMA Pasundan 8 Bandung. Aya sababaraha tinimbangan dina panalungtikan ieu nya éta samporétna waktu nu aya pikeun panalungtikan, waragad, kaayaan murid nu jadi obyék panalungtikanana, jeung aya

katangtuan pihak sakola nu kudu diperhatikeun, ngabalukarkeun populasi panalungtikan kudu diwatesan ambahanana.

3.3.2 Sampel

Nurutkeun Arikunto (2002 :112) nétélakeun *untuk sekedar ancer-ancer maka apabila subyéknya kurang dari 100, lebih baik diambil semua sehingga penelitiannya merupakan penelitian populasi. Selanjutnya, jika jumlah subyéknya lebih besar dapat diambil antara 10-15 % atau 20-25 % atau lebih, tergantung setidak-tidaknya dari :*

- *kemampuan peneliti dilihat dari segi waktu, tenaga dan dana.*
- *sempit luasnya wilayah pengamatan dari setiap subyék, karena hal itu menyangkut sedikit banyaknya data.*
- *besar kecilnya resiko yang ditanggung oleh peneliti, untuk penelitian yang resikonya besar, tentu saja jika sampel lebih besar, hasilnya akan lebih baik.”*

Dumasar kana pamadegan di luhur, panalungtik ngagunakeun pamadegan ti Arikunto, sabab dipatalikeun jeung kamampuh panalungtik boh tina waktu, boh tina waragad. Ku kituna, sampel panalungtikan ditangtukeun nya éta ngan 10 % tina jumlah populasi nu geus ditangtukeun, nya éta 41 jalma nu dibawa di kelas X.3.

3.4 Prosedur Panalungtikan

Dina prosedur panalungtikan ieu bakal dijelaskeun kumaha téhnikna atawa kumaha carana panalungtikan dilaksanakeun nu ngagunakeun sababaraha cara, diantaranya ngumpulkeun data jeung nangtukeun instrument saperti di handap ieu:

3.4.1 Tehnik Ngumpulkeun Data Panalungtikan

Téhnik nu digunakeun pikeun pangumpulan data nu ka hiji nya éta téhnik angkét jeung téhnik studi dokumentasi. Téhnik angkét nu digunakeun gunana pikeun ngungkabkeun motivasi diajar murid ku cara ngagunakeun koesioner, jenis angkét

tertutup (Arikunto, 2002:129) nu ngarujuk skala Likert dina wangun pernyataan sarta dibarengan ku lima respon (Arikunto, 2002:129).

Alesan nu nalungtik ngagunakeun angkét sabagé pangumpulan data sabab aya pertimbangan nu saluyu jeung nu diungkapkeun ku Arikunto (2002:129), yén tinimbangan angkét sabab :

- a. Henteu merlukeun ayana panalungtik.
- b. Bisa dibagikeun sacara babarengan.
- c. Bisa dijawab sacara babarengan ku nurutkeun kagancangana masing-masing, jeung nurutkeun waktu lowong responden.
- d. Bisa dijieun anonim ku kituna responden bebas jujur sarta teu éra-éra ngajawab.
- e. Bisa dijieun standar ku kituna pikeun sakabéh responden bisa dibéré pertanyaan nu sarua.

Téhnik angkét skala motivasi digunakeun pikeun ningali hasil motivasi murid kana mata pelajaran basa Sunda, jeung téhnik dokuméntasi dilaksanakeun ku cara ningali peunteun rapor basa Sunda séwang-séwangan murid nu ngiluan tés angkét motivasi. Téhnik angkét skala motivasi kana mata pelajaran basa Sunda, maké skor :

Tabél 3.1

**POLA SKOR SKALA MOTIVASI DIAJAR MURID
KANA MATA PELAJARAN BASA SUNDA**

Pernyataan	Positif	Négatif
Mindeng Pisan	5	1
Mindeng	4	2
Kadang-Kadang	3	3
Kurang	2	4
Teu Pernah	1	5

Cara dina ngalaksanakeun tés angkét skala motivasi nya éta :

1. Jumlah pernyataan nu dipaké dina nguji motivasi murid kana mata pelajaran basa Sunda, aya 30 pertanyaan.
2. Ngabagikeun instrumen tés angkét ka sakabéh murid nu aya di kelas.
3. Panalungtik ngajentrékeun heula téhnik cara ngeusian angkét. Unggal murid dipiharep ngeusian sakabéh pernyataan sacara jujur nurutkeun séwangan-séwangan.

Tés ieu ngagunakeun métode Likert nya éta pikeun pernyataan positif jawaban mindeng pisan 5, mindeng 4, kadang-kadang 3, kurang 2, teu pernah 1. Pikeun pernyataan négatif jawaban teu pernah 5, kurang 4, kadang-kadang 3, mindeng 2, mindeng pisan 1 (Uno, 2007: 74).

Panalungtikan ngumpulkeun katerangan ti guru basa Sunda ngeunaan préstasi diajar basa Sunda kelas X semester genap 2007/2008.

3.4.2 Instrument Panalungtikan

Dina ungal panalungtikan, instrumen mangrupa salah sahiji hal penting, sabab panalungtikan dipangaruhan ogé ku instrument nu digunakeun. Data nu di butuhkeun pikeun ngajawab masalah jeung hipotesa bisa dikumpulkeun ku instrument.

Instrument atawa alat nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta :

- a. Angket *tertutup*, pangukuran skala motivasi gunana pikeun ngukur sakumaha motivasi murid kana mata pelajaran basa Sunda.
- b. Studi dokumentasi, ngagunakeun rapor gunana pikeun meunangkeun data préstasi hasil diajar murid dina mata pelajaran basa Sunda, nu dicokot tina rapor kelas X.3 semester genap 2007/2008.

3.5 Nguji Instrumen Panalungtikan

Instrumen panalungtikan nu digunakeun. Kudu diuji coba heula. Sangkan bisa mikanyaho mana kualitas instrumen nu cocok dipaké dina nyumponana sarat panalungtikan atawa acan.

3.5.1 Nguji Instrumen Motivasi

Skala pangukuran nurutkeun para ahli sosiolog aya dua tipe skala nurutkeun fenomena sosial anu diukur nya éta :

1. Skala pangukuran pikeun ngukur paripolah susila jeung kapribadian.
2. Skala pangukuran pikeun ngukur sababaraha aspék budaya séjén jeung lingkungan sosial.

Aya sababaraha skala sikep anu mindeng digunakeun aya 5 macemna nya éta :

1. Skala Likert
2. Skala Guttman
3. Rating Scale
4. Semantict Defferensial
5. Skala Thurstone

Nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta skala Likert. Skala Likert digunakeun pikeun ngukur motivasi, sawangan, jeung persepsi saurang individu atawa sakelompok jalma ngeunaan fenomena sosial. Alesan ngagunakeun skala Liker sababna :

- a. Skala Likert henteu merlukeun judges pikeun ngajén kana jawaban subyék;
- b. Hésé néngan judges nu maham kana obyék sikép anu ditalungtik;
- c. Dibandingkeun jeung skala Thurstone, skala Likert bisa méré informasi nu mandiri ngeunaan obyék motivasi;
- d. Ajen dina skala Thurtone sifatna mutlak sabab ditangtukeun ku judges, nu teu

merhatikeun norma kelompok subyék nu diukur; jeung

- e. Skala Likert cocok pikeun ieu panalungtikan, sabab skala Likert pikeun milih siswa nu pinter, tapi pikeun panalungtikan dumasar korélasi antar variabel.

Jawaban unggal item instrument nu digunakeun dina skala Likert boga gradasi tina positif ka negatif, nu bisa mangrupa kecap-kecap diantarana :

- | | |
|-------------------------|-----------------------|
| 1. Satuju pisan | a. Satuju |
| 2. Satuju | b. Mindeng |
| 3. Mangmang | c. Kadang-kadang |
| 4. Henteu satuju | d. Ampir teu pernah |
| 5. Kacida henteu satuju | e. Henteu pernah |
| 1. Kacida positif | a. Alus pisan |
| 2. Positif | b. Cukup alus |
| 3. Netral | c. Kurang alus |
| 4. Negatif | d. Kacida henteu alus |
| 5. Positif pisan | |

Pikeun kaperluan analisis sacara kuantitatif, ku kituna jawaban éta bisa dibéré skor, misalna :

- | | |
|--|---|
| a. Satuju/teu weléh/kacida positif dibéré skor | 5 |
| b. Satuju/mindeng/positif dibéré skor | 4 |
| c. Magmag/kadang-kadang/netral dibéré skor | 3 |
| d. Henteu satuju/ampir teu pernah/negatif dibéré peunteun | 2 |
| e. Kacida henteu satuju/henteu pernah/kacida positif dibéré skor | 1 |

Instrument panalungtikan nu digunakeun skala Likert bisa dijieun dina wangun cheklist atawa pilihan ganda.

Conto wangun pilihan ganda :

Béré jawaban patalékan ngagunakeun pilihan ganda saluyu jeung sawangan anjeun (anda), sarta carana nyakra jawaban nu geus disadiakeun ku tanda X.

1. Kuring ngarasa kabebanan ku pancen ti guru.

a. mindeng pisan

c. kadang-kadang

e. teu pernah

b. mindeng

d. kurang

Tipe tes pilihan ganda sarua halna jeung tes tipe bener salah, yén dina hakékatna unggal butir soal nu bener dibéré skor hiji jeung nol lamun salah. Pikeun skor ahir digunakeun rumus tebakan, nya éta :

$$\text{Skor Ahir} = \frac{\text{jumlah bener} - \text{jumlah}}{n - 1}$$

3.5.1.1 Uji Validitas

Alat ukur nu alus kudu mibanda validitas nu luhur. Validitas salah sahiji alat ukur nuduhkeun sa jauh mana alat ukur bisa ngukur naon nu sakuduna diukur ku éta alat ukur.

Validitas nya éta hiji ukuran nu nunjukkeun tingkat-tingkat *kevalidan* atawa *kesahihan* hiji instrument. (Arikunto, 2002:144)

Sugiyono (1997:100-102) nyebutkeun “Pangujian validitas bisa langsung katitén dina : 1) Pangujian validitas konstruksi (construct validity),

2) Pangujian validity eusi (content validity), 3) Pangujian validitas eksternal”.

Dina ieu panalungtikan validitas instrumen nu dipaké nya éta validitas konstruksi. Sugiyono (1997:100), nétélakeun “Pikeun instrumen non-tes nu mangrupa angkét nu digunakeun pikeun motivasi bisa nyumponan validitas konstruksi”.

Pikeun nguji validitas konstruksi, ku kituna bisa digunakeun sawangan ti para ahli (judgment experts). Dina hal ieu saenggeus instrument di dikonstruksi ngeunaan aspék-aspék nu bakal diukur nu dilandaskeun teori nu tangtu, ku kituna satuluyna

dikonsultasikeun jeung para ahli. Saenggeus pangujian konstruksi rengse ti para ahli, ku kituna diteruskeun uji coba instrument. Instrumen nu geus disatujuan ku para ahli satuluyna di uji cobakeun kana sampel populasi nu dicokot. Saenggeus meunangkeun data jeung ditabulasikeun, ku kituna pangujian validitas konstruksi dilakukeun maké analisis faktor, nya éta ku ngorélasikeun antar skor item instrument. Pikeun kaperluan ieu ku kituna merlukeun bantuan komputer (Sugiyono, 1997:100-101).

Nurutkeun Suyatna (2002:44) “ Korélasi nya éta metode nu nalungtik hubungan dua variabel atawa leuwih, utamana ngukur variasi dina hiji variabel nu tumali jeung variasi dina variabel séjén. Ukuran nu digunakeun pikeun ngukur darajat korélasi linier disebut koéfisien korélasi (correlation coefficient) nu biasana dinotasikeun ku “r” atawa tanda *baca* ρ (*baca* : rho). Gedena koefisien korélasi teu weléh aya antara -1 jeung +1 atawa $(-1 \leq r \leq +1)$.

$r = +1$, artina aya korélasi positif sempurna antara variabel X jeung variabel Y.

$r = -1$, artina aya korélasi negatif sempurna antara variabel X jeung variabel Y.

$r = 0$, artina teu aya korélasi antara X jeung Y.

Saluyu jeung nu ditétélakeun di luhur Mohammad Ali dina Elis (2007:44) nétélakeun leuwih jelas *untuk mengetahui suatu alat tes dapat dijadikan sebagai pengukur sesuatu bidang tertentu terhadap kelompok tertentu dengan ‘tepat’, digunakan téhnik “korélasi”*. Rumusna nu digunakeun pikeun ngitung valid atawa henteuna hiji tes, nya éta nurutkeun Arikunto (2002:244) :

$$r_{xy} = \frac{NXY - (\sum X)(\sum Y)}{\sqrt{\{N\sum X^2 - (\sum X)^2\}\{N\sum Y^2 - (\sum Y)^2\}}}$$

Keterangan :

X = Skor items

Y= Skor total

N= jumlah pamilon

Dina ngayakeun intérpértasi di luhur di handap ieu aya validitas koefisien korélasi nu diklasifikasikeun nurutkeun Sutrisno Hadi dina Arikunto (2002:245) dina tabél di handap.

Tabél 3.2

KLASIFIKASI KOEFISIEN KORÉLASI

Gedena niléy r	Interpretasi
Antara 0,800 nepi ka 1,00 Antara 0,600 nepi ka 0, 800 Antara 0,400 nepi ka 0,600 Antara 0,200 nepi ka 0, 400 Antara 0,000 nepi ka 0, 200	Luhur Pisan Luhur Cukup Handap Handap Pisan

3.5.1.2 Uji Reliabilitas

Mohamad Ali dina Elis (2007:45) nétélakeun :

“ Untuk menentukan apakah suatu tés dapat digunakan untuk mengukur suatu bidang terhadap suatu kelompok, kapan saja dan dimana saja, perlu dicari tingkat ketepatannya. Melalui suatu teknik korélasi, dalam rangka mencari koefisien reliabilitas”.

Cara ngitung anu digunakeun dina uji reliabilitas ngagunakeun rumus :

$$r_{xy} = \frac{n \sum XY - (\sum X)(\sum Y)}{\sqrt{\{(n \sum X^2 - (\sum X)^2)\{n \sum Y^2 - (\sum Y)^2\}}}}$$

Tafsiran koefisien korélasi dina ieu panalungtikan dumasar kana pamanggih Gulford dina Purwanto (1985 : 145) nya éta :

Tabél 3.3

KLASIFIKASI KOEFISIEN RELIABILITAS

"r"	Intérprétasi
0,00-0,20	Korélasi leutik
0,21-0,40	Korelasi Handap
0,41-0,70	Korelasi Sedeng
0,71-0,90	Korelasi Luhur
0,91-1,00	Korélasi Luhur Pisan / Sampurna

3.6 Prosedur Ngolah Data

Téhnik pikeun nguji hubungan antara motivasi kana mata pelajaran basa Sunda jeung préstasi diajar basa Sunda digunakeun tehnik koefisien korélasi (Arikunto, 2002: 239). Téhnik ieu nu digunakeun pikeun ngabandingkeun hasil pangukuran dua variabel nu béda supaya bisa nangtukeun tingkat hubungan antara variabel-variabel ieu.

3.6.1 Uji sifat Data

3.6.1.1 Langkah Ngolah Data Skala Motivasi

Léngkah-léngkah ngolah data skala motivasi nya éta :

- a. Neangan skor maksimal

Skor maksimal ideal nya éta skor nu bakal kahontal saupama sakabéh soal bisa kajawab kalawan bener.

- b. Ngitung skor sakabéh murid.

3. Nangtukeun peunteun.

$$4. N = \frac{\text{Skor tercapai} \times 10}{\text{Skor ideal}}$$

5. Ngarobah peunteun kana persentase

$$6. N = \frac{\text{Skor tercapai} \times 100 \%}{\text{Skor ideal}}$$

7. Nafsirkeun persentase motivasi kana kriteria tarap motivasi.

8. Saterusna nangtukeun préstasi niléy murid nu aya dina buku rapor.

3.6.2 Téhnik Analisis Data

Pikeun ngolah data nu ka kumpul, kudu leuwih ti heula data di organisir nya éta nyangking : pamariksaan, skoring, jeung tabulasi, saterusna dianalisis terus ditapsirkeun jeung hasil ahirna dicindekkeun.

Léngkah-léngkah analisis dina panalungtikan ieu nya éta :

1. Ngecek sajumlah angké nu dibalikeun ku responden.
2. Ngecek kalengkepan angké nu dibalikeun ku responden.
3. Méré skor kana unggal jawaban angké.
4. Neangan hubungan antara motivasi murid jeung préstasi diajar.
5. Interpretasi/napsirkeun.
6. Kacindekan.

3.6.2.1 Nguji jeung Ngitung Signifikasi Korélasi

Sangkan bisa mikanyaho geus merenah atawa henteuna angka korélasi nu dihasilkeun tina korélasi antara variabel-variabel dina panalungtikan kudu diuji jeung diitung signifikasi koéfisien korélasina. Léngkah-léngkah pikeun nguji signifikasi koéfisien korélasi aya di handap ieu :

- a. Nangtukeun harga $\sum X$, $\sum Y$, $\sum X^2$, $\sum Y^2$, jeung $\sum XY$.
- b. Ngitung gédéna koéfisien determinasi variabel bebas kana variabel kauger.

Dina ieu panalungtikan variabel X nya éta motivasi murid kana mata pelajaran basa Sunda kana variabel Y nya éta préstasi diajar basa Sunda murid SMA Pasundan 8 Bandung. Rumus nu digunakeun nya éta rumus ti Sugiyono (1997:148).

$$r_{xy} = \frac{\sum xy}{\sqrt{(\sum x^2)(\sum y^2)}}$$

Purwanto (1985:137), napsirkeun gédéna koéfisien korélasi kalawan ngagunakeun ukuran klasifikasi

0,00-0,20 = Kacida handap (ampir teu aya korélasi)

0,20-0,40 = Korélasi handap

0,40-0,70 = Korélasi cukup

0,70-0,90 = Korélasi luhur

0,90-1,00 = Korélasi luhur pisan (sampurna)

3.6.2.2 Ngitung Koéfisien Determinasi

Tujuan ngitung koéfisien determinasi nya éta sangkan bisa mikanyaho gédéna kontribusi variabel bebas kana variabel kauger dina panalungtikan. Dina ieu panalungtikan variabel X nya éta motivasi murid kana pelajaran basa Sunda kana variabel Y nya éta préstasi diajar basa Sunda murid SMA Pasundan 8 Bandung, digunakeun rumus Sujana dina Endang Husada (1993:44), di handap ieu :

$$KD = r^2 \times 100\%$$

Keterangan :

KD = Koéfisien Determinasi

r^2 = Angka Korélasi

3.6.2.3 Kriteria Nguji Hipotesis

Kriteria nguji hipotesis ngagunakeun rumus ti Sugiyono (1997:150), di handap ieu :

$$t = r \frac{\sqrt{n-2}}{\sqrt{1-r^2}}$$

Keterangan :

$r \text{ itung} \leq r \text{ tabél}$ = teu signifikan

$r \text{ itung} \geq r \text{ tabél}$ = signifikan

t = koéfisien signifikansi

r = koefisien korélasi

Kriteria anu digunakeun pikeun nguji hipotesis patalina jeung korélasi antara motivasi murid kana mata pelajaran basa Sunda jeung préstasi diajar basa Sunda murid kelas X SMA Pasundan 8 Bandung nya éta H_0 ditarima lamun $t_{itung} \geq t_{tabel}$ Sabalikna $t_{itung} \leq t_{tabel}$.



